

Karakteristik Pwojè a

Sèvis bis ki pi rapid epi ki pi fyab
(ki ekonomize 3 a 5 minit pandan lè pik yo)



Abri arè bis amelyore ak pi bon siyalizasyon
avèk zòn anbakman ki pi espasye




Pasaj pyeton ki pi an sekirite
epi ki konfòm ak estanda Lwa Ameriken sou
Andikap (Americans with Disabilities Act, ADA)




Twotwa ki pi laj ak enfrastrikti pou bisiklèt
pou sipòte nouvo devlopman yo



Plis pyebwa ak lonbray sou twotwa yo
sou toude bò wout Lynnway lan



Enfrastrikti limyè
trafik modènize



Lynnway Jodia

Jodia, Lynnway gen:

- Itilizasyon prensipalman komèsyal ak endistriyèl, avèk devlopman rezidansyèl limite nan pwent nò ak sid zòn pwojè a
- Wout bis MBTA yo anrejistre 3,000 anbakman chak jou ak 70,000 vwayaj chak semèn
- 40,000 machin pa jou, men avèk yon konsepsyon wout demode epi ki pa an sekirite
- Kèk nan zòn ki gen pi gwo “konsantrasyon aksidan trafik” nan eta a, ki enplike chofè, pyeton, ak siklis
- Gwo vitès ak twotwa etwat, ki fè zòn nan pa atiran pou pyeton ak lòt mwayen transpò, sitou pou moun k ap eseye travèse Lynnway la
- Pyebwa yo prensipalman sitiye nan separatè wout yo ak sou zòn nò Lynnway la, avèk anpil espas san lonbray sou twotwa, sitou sou zòn sid la
- Enfrastrikti limyè trafik ki demode epi ki pa efikas
- Lanpadè ki pa klere twotwa yo sifizamman



Travay Anvan yo:

*PLAN DIREKTÈ WOUT
PEYZAJÈ
(DCR, 2020)*

*REYÒGANIZASYON
REZO BIS LA
(MBTA, 2022)*

*SOUTH HARBOR IMPLEMENTATION PLAN
(VIL LYNN, 2024)*


*KONSEPSYON
KONSEPTYÈL
(PRENTAN 2026)*

*LYNN TRANSIT ACTION PLAN
(VIL LYNN, 2020)*


*SIBVANSYON RAISE
USDOT AKÒDE
(2022)*

*VIZYON LYNN
(VIL LYNN, 2023)*

*KONSILTASYON SOU
KONDISYON AKTYÈL
(2025)*



Lynnway Demen



Plan Aplikasyon South Harbour


Pou lavni, Vil Lynn nan devlope yon vizyon pou yon South Harbor ki pi pezig epi ki pi byen konekte, avèk yon rezo lari adjasan ki fèt pou ankouraje wwayaj lokal ki pi an sekirite ak nouvo devlopman yo. Ant 2025 ak 2035, yo prevwa zòn pwojè a ap gen:

- Plis pase 2,000 nouvo lojman
- Jiska plis pase 1.6 milyon pye kare espas komèsyal, biwo ak vant an detay
- Plis pase 40 kawo tè espas vèt, ki gen ladan de nouvo pak
- Rekonstriksyon pon GE a, ansanm ak enfrastrikti wout ak ray tren banlye yo


Konsèp devlopman Lynnway la pran an konsiderasyon devlopman kontinyèl sa yo pandan l ap rekonsilye bezwen aktyèl itilizasyon ki egziste yo ak enpòtans rejyonal Lynnway la.



The Shipwright
(fini an 2025)



Renovasyon Heritage State
Park (kòmanse 2026)



830 Lynnway (pwopoze)

Objektif Pwojè yo ak Finansman

MBTA ap fè patenarya ak Vil Lynn, Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon (DCR), ak Depatman Transpò Massachusetts sou Pwojè Koridò Multimodal Lynnway.

Objektif Pwojè yo



Pi an sekirite, pi kalm wout




Pi vit, pi serye, ak pi konfòtab transpò



Aktyalizasyon siyalizasyon an ak amelyorasyon fluidite sikilasyon an



Amelyorasyon enfraskrikti vèt yo, ki gen ladan, pye bwa nan lari yo ak amenajman peyizaje yo



Konsepsyon sipò amenajman alavni yo ak "Lynnway demen an"



Koneksyon ak bekàn ki pi sekirite pou ale nan destinasyon lokal ak rejyonal yo ansanm ak espas vèt yo



Kote ki pi sekirize epi pi konfòtab pou mache epi pou travèse – pa sèlman pou sikile nan machin




Finansman Pwojè

Apati plan Vil Lynn, MBTA, ak DCR ki te dirije, MassDOT te aplike avèk siksè pou yon sibvansyon RAISE Depatman Transpò Etazini an 2022 pou ede finanse redesign ak konstriksyon yon Lynnway ki pi an sekirite, ki pi multimodal.

RAISE se yon pwogram sibvansyon federal ki ede kominote yo bati pwojè transpò ak enpak lokal oswa rejyonal ak amelyorasyon sekirite.

Sibvansyon Lynnway bay finansman pou amelyorasyon sekirite pyeton yo, liy otobis, liy bisiklèt, amelyorasyon wout, amelyorasyon siyal trafik yo, ak enfrastrikti vèt.




Angajman Piblik La Jiska Prezan

ENTÈRAKSYON:

- Premye faz angajman piblik la te fèt ant sezon Ete – Otòn 2025
- Evènman nan Lynn, Marblehead, ak Nahant
- Plis pase 415 materyèl enprime distribye
- 2 tab wonn pou biznis ak pwomotè
- Sondaj anliy nan 7 lang

KÒMANTÈ:


- 1,645 repons sondaj
- 30 fòm kòmantè
- 40 kòmantè sou pwojè kat jeyografik la
- 970 entèraksyon pandan aktivite avèk pano/pwen yo



SA NOU TE TANDE:




Pifò chofè yo santi yo an sekirite, alòske pyeton ak siklis yo santi yo pa an sekirite akòz enfrastrikti ki pa adekwat



Dezi pou ajoute plis pyebwa ak espas vèt pou rann zòn nan pi agreyab epi pi feزاب pou devlopman



Pwomotè ak biznis ki toupre yo rekonèt enterè ak avantaj transpò piblik souvan epi fyab pou anplwaye yo



Amelyorasyon limyè trafik yo ak sikilasyon trafik la se priyorite prensipal la - itilizatè yo gen enkyetid sou ogmantasyon anbouteyaj ak dire vwayaj la

Moun yo te kapab patisipe nan plizyè fason, tankou an pèsòn ak anliy. Kòmantè yo kapab enkli plizyè repons nan men menm moun nan.

Enfrastrikti Pou Bisiklèt ak Pyeton

SA NOU TE WÈ AK TANDE

Dezi pou gen pasaj pyeton ki pi an sekirite epi ki pi frekante, ki konekte biznis ak espas piblik yo san deranje sikilasyon trafik la

Sekirite pyeton yo dwe yon priorite pou sipòte pwojè devlopman bòdmè yo nan lavni

Siklis yo pa santi yo an sekirite, epi gen posiblite pou amelyore enfrastrikti ki egziste deja a epi kreye nouvo liy sikilasyon


Twotwa etwat ki sitiye touprè trafik rapid rann Lynnway la pa atiran

KARAKTERISTIK KONSÈP PWOJÈ

Hanson Street



Kondisyon Aktyèl



Seksyon Transvèsal Pwopoze


- Twotwa ki touprè veyikil k ap sikile ak gwo vitès:
 - diminye sekirite ak konfò pou pyeton yo
 - ekspozisyon a bri ak lafimen
- Lanpadè yo ak pyebwa yo ratresi twotwa yo epi limite aksè pou chèz woulant ak lòt aparèy
- Siklis yo dwe pataje wout yo avèk veyikil yo oswa woule sou twotwa ak antre kay etwat yo

- Liy pataje yo pèmèt diferan itilizatè ki pa gen motè sikile nan toude direksyon yo
- Yon zòn separasyon peyizaje pwoteje itilizatè yo kont lafimen ak veyikil k ap woule ak gwo vitès
- Twotwa ki pi an sekirite favorize kout deplasman a pye, sou bisiklèt, oswa nan bis (egzanp, rezidan Lynnway yo k ap prale achte oswa manje nan restoran lokal yo)
- Konekte ak nouvo wout Pon GE a

Commercial Street



Kondisyon Aktyèl



Kondisyon Pwopoze

- Pasaj pyeton ki nan move eta oswa ki pa egziste
- Ranp aksè ki pa konfòm ak estanda aktyèl yo
- Absans refij pyeton souvan nan mitan pasaj Lynnway la

- Pasaj pyeton ak ranp modènize, konfòm ak estanda ADA yo
- Liy bis santral ki prale nan direksyon sid la ofri yon zòn datan an sekirite pou pyeton k ap travès Lynnway la
- Liy bis ki prale nan direksyon nò a sèvi kòm yon zòn separasyon ant pyeton yo ak trafik an jeneral

Pyebwa ak Espas Piblik

SA NOU TE WÈ AK TANDE

Lanpadè aktyèl yo bay sou machin yo epi li pa kontribye nan yon eksperyans akeyan pou pyeton yo

Sondaj 2025 lan endike yon bezwen pou gen pyebwa nan plizyè andwa, ki gen ladan Hanson St ak Harding St, soti Commercial St rive Shepard St, ak Pleasant St rive Market St

Konsepsyon Lynnway aktyèl la pa koresponn ak vizyon Vil la oswa devlopman li nan lavni


KONDISYON AKTYÈL

- Lanpadè yo fèt prensipalman pou wout epi yo pa ofri yon eksperyans pyeton ki an sekirite
- Gen 40% pyebwa an mwens sou bò sid la parapò ak sou bò nò a. Sa ki lakòz yon long espas san lonbray, ki gen ladan youn ki gen plis pase 2,000 pye
- Konbinezon kouvèti pyebwa ki limite, pasaj pyeton ak twotwa ki pa ase, ak ekleraj ki pa adekwa rann trafik pyeton difisil epi limite aksè nan bò lanmè a


KONDISYON PWOPOZE

- South Harbor Implementation Plan an prevwa redevlopman yon zòn 400 kawo tè pou fè l tounen yon batiman rezidansyèl ak komèsyal pou plizyè itilizasyon ki konekte ak bòdmè a atravè pasaj pyeton ak pak
- Amelyorasyon ekleraj piblik pou ranfòse sekirite ak kalite wout yo
- Pwojè a gen pou objektif ogmante konsiderableman kantite pyebwa sou twotwa Lynnway yo, potansyèlman jiska 200%
- Anplis bèl aparans yo, pyebwa lari yo:
 - diminye chalè nan vil yo epi amelyore kalite lè a
 - kontribye nan jesyon dlo lapli ak bri
 - amelyore sekirite pyeton yo

Pyebwa Aktyèl ki sou Wout Lynnway lan



Opòtinite Pou Pyebwa Nan Lari gras a Redevlopman (Total Pyebwa)



Enfrastrikti Transpò

SA NOU TE WÈ AK TANDE


Jodia, bis Lynnway yo ka sibi reta 3 – 5 minit pandan lè pik yo, sa ki lakòz arive an reta epi koneksyon rate

Yon sèvis transpò piblik ki frekante epi ki fyab ki sipòte nouvo devlopman yo epi ofri nouvo rezidan yo plis opsyon vwayaj

Bis, Bak, Sèvis Tren Banlye ki toupre, ak chemen bisiklèt ki te planifye yo fè Lynnway yon vrè koridò miltimodal


KONDISYON PWOPOZE

- Baze sou kòmantè ou, pwajè a pwopoze yon ekilib ant liy bis santral ak lateral yo, pou amelyore sikilasyon trafik la konpare ak liy santral yo nan toude direksyon yo
- Sèvis bis ki pi rapid epi ki pi fyab sou Lynnway la, pou desèvi pasaje chak jou yo ak plizyè milye fiti rezidan Lynnway atravè liy bis yo
- Òf de fwa plis bis pase jodia gras a Refòm Rezo Bis MBTA a
- Amelyorasyonabri bis ak ekran enfòmasyon an tan reyèl
- Koneksyon ak biznis, pak, ak fiti rezidans




*Konsepsyon debaz pwopoze, altènativ ki pa enkli

Zòn sid



- Liy bis lateral soti Broad St rive Blossom St; liy santral soti Marine Blvd rive sid Hanson St
- Yo chwazi liy santral ki ale nan direksyon liy bis sid yo pou diminye konfli ki gen rapò ak gwo kantite sòti pwopriyete nan sans sid la
- Arè bis santral yo sitiye toupre Hanson St, Harding St, Commercial St; arè lateral nan Kingman St

Zòn nò



- Liy bis lateral soti sid Hanson St rive Kingman St
- Mwens antre prive ak trafik ki ale nan direksyon nò pèmèt yon operasyon pi efikas nan wout lateral yo
- Arè bis lateral yo sitiye toupre Hanson St, Harding St, Commercial St, Kingman St, epi potansyèlman Market St

Wout ak Trafik

SA NOU TE WÈ AK TANDE

Plis pase 50% nan moun ki te reponn sondaj 2025 lan te idantifye amelyorasyon efikasite limyè trafik ak sikilasyon trafik kòm pi gwo priyorite yo

Volim trafik chak jou ak nan lè pik yo an 2026 sanble ak sa yo te obsève an 2021 ak 2016

Biznis ki sou Lynnway yo te souliye enpòtans pou prezève aksè kamyon pou vwayaj rejyonal ak lokal yo

ANALIZ TRAJÈ SOU LYNNWAY

AKTYÈLMAN

- Vitès trajè ak nivo anbouteyaj sou Lynnway la sanble oswa pi bon pase sou lòt segman tipik trajè rejyonal yo sou Kot Nò a
- Tan trajè mwayèn pandan “lè pik yo” nan maten ak aswè nan zòn pwojè a se 1.5 mil, li varye ant 4 – 5 minit nan chak direksyon. Nan jou ki gen “anpil” anbouteyaj, trajè yo pran apeprè 1 minit anplis

KONDISYON PWOPOZE

- Konsève omwen 2 liy trafik nan chak direksyon, ansanm ak tout liy pou vire agoch yo
- Machin k ap vire adwat yo ka antre nan liy bis ki prale nan direksyon nò a 100 – 200 pye anvan entèseksyon an, sa ki kreye “liy pou vire adwat”
- Modènize ekipman limyè trafik yo pou amelyore efikasite yo, sitou an deyò lè “pik” yo
- Sipresyon rediksyon liy “toudenkou” an direksyon sid nan Market St ak pon an
- Bis yo pa kanpe nan liy trafik jeneral yo ankò epi yo gen mwens konfli avèk siklis yo gras a adisyon yon liy pataje
- Lapolis, Ponpye, ak Sèvis Medikal Ijans (Emergency Medical Services, EMS) yo gen otorizasyon pou itilize liy bis yo – sa ki ede kenbe, oswa menm amelyore, delè entèvansyon yo

Tan Trajè Anplis Estime Akòz Pwojè a


Direksyon	Opsyon A:		Opsyon B:	
	Lè pik nan maten	Lè pik nan aswè	Lè pik nan maten	Lè pik nan aswè
Zòn sid	2 - 3 minit	0 - 1 minit	3 - 4 minit	0 - 1 minit
Zòn nò	0 - 1 minit	0 - 1 minit	0 - 1 minit	3 - 4 minit

- Opsyon A rete yon liy viraj adwat nan direksyon sid nan Commercial St; Gade “Anplasman 3” pou plis detay
- Analiz ki baze sou kondisyon trafik nan lavni, ki gen ladan nouvo devlopman yo

LEJANN

- Distans mwayèn ant kot nò a ak sant vil Boston, apeprè 15 mil
- Longè zòn pwojè a, apeprè 1.5 mil

Analiz la montre destinasyon rejyonal ki komen yo se Wonderland, Ayewopò Logan, ak Seaport, Downtown, ak Back Bay



Distribisyon ak Pwochen Etap

Distribisyon

Travay Previous

- Lynn Transit Action Plan, 2020
- Plan Direktè Parkways, 2020
- Ogmante Prim Sibvansyon, 2022
- Vizyon Lynn, 2023
- Etid sou posibilite DCR 2023
- Redesign rezo otobis MBTA, 2022
- Plan Aplikasyon South Harbour, 2024

Koleksyon Done ak
Kondisyon ki egziste yo:
Ete 2025

Kolekte Feedback Piblik la

Devlopman Konsèp:
Otòn 2025

Kolekte Feedback Piblik la

Jeni Detaye:
2026 - 2027

Kolekte Feedback Piblik la

Konstriksiyon:
2027 - 2030 seri

Kominikasyon toupatou

Rete Mizajou!



Vizite [MBTA.com/Lynnway](https://www.mbta.com/Lynnway) pou:

- Aprann plis sou pwojè a
- Enskri pou imel mizajou
- Chèche konnen opòtinite pou bay fidbak

